



Lakou Dèyè e Pi Lwen

An nou Ale Deyò! Konsèy pou ale Deyò ak Timoun ou yo

Ke ou prale nan Pye Bwa Discovery, yon pak, oubyen nan lakou dèyè lakay ou la nati tou otou de ou. Ou pa bezwen yon ekspè oubyen gen tout repons yo. Eksplòre la nati kapab obsève yon senp flè Dandelion kap parèt nan kwen yon twotwa. Ale deyò enpòtan pou devlopman ak sante pitit ou. Lè ou pèmèt yo selekte pwòp eksplorasyon an e pran ris ki konfòtab, anpil fwa vinn ki rezilta a aprantisaj ki rich e otantik. Li enspire kiriyosite sou mond natirèl e ede bati konfidans pou tèt ou.



Ou kapab vinn sipri pou apran sou espas natirèl ki nan pwòp vil ou! Cheke sit entènèt vil ou pou kapab jwenn yon lis pak, wout pou mache ak kote pou konsèvasyon.

Men de twa sigjesyon pou kapab ede fanmi pou yo kapab vinn pi konfòtab a eksplòre espas deyò ki nouvo.

- **Swiv gid pitit ou.** Li oke pou eksplòre yon sèl kote! Sa kapab yon defi pou nou menm ki granmoun enpasyon men pou timoun sa ap ede yo pou yo kapab gen tan ak espas pou yo rete e gade e tande a mond ki o zalan tou de yo. Y'ap vinn pi konfòtab pou yo eksplòre plis lè fanmi an vinn pi konfòtab deyò.
- **Si grenpe se gòl ou, enkli tout fanmi an.** Enprime yon kat jeografik anvan lè a rive, oubyen telechaje youn sou telefòn ou. Gade almanak la ansanm, kite pitit ou kenbe kat jeografik lan. Idantifye wout make yo, yo rele yo blaze; sa yo se oubyen koulè ke yo mete sou pye bwa yo oubyen makè ki klouwe sou pye bwa yo. Koulè a oubyen makè a refere a chemen an sou kat jeografik lan. Ankouraje pitit ou pou konte makè yo sou chemen an oubyen jwe lachas pou pwochen makè a.
- **Anbrase senk sans ou.** Mande kesyon sou sa ke yo wè, tande, santi oubyen manyen. Pran tan pou kanpe yon kote e fenmen je ou. Konbyen bagay ke ou tande an menm tan? Eske ou kapab jwen yon fèy ki soup, yon tron ki di, oubyen yon limon ki mou?
- **Vizite yon diferan kote nan yon diferan sezon.** Grenpe menm kote nan yon diferan sezon ba'w yon chans pou obsève chanjman sezon an. Li yon bon opòtinite pou diskite obsèvasyon pou tout fanmi an pou wè lè yo eksplòre.
- **Pa ret tann pou "bon" tan.** Timoun natirèlman renmen soti nan tout kalite tan, depi yo gen rad ki apwopriye pou deyò e yo pèmèt yo al eksplòre. Jwi sa ki diferan e spesyal sou sezon lapli, oubyen sezon la nèj, oubyen sezon ki cho e imid gen benefis apratisaj e fizik pou timoun ak granmoun, tou! Jwe deyò bati lanmou pou lavi pou tout tip de sezon e konekte ak la nati.



Konsèy Adisyonèl: Mete soulye ki sipòtiv, konfòtab. Abiye cho, e sèvi ak spre pou moutik ak pwoteksyon pou solèy. Sonje pote dlo! Konnen kote ou prale, pote yon kat jeografik, fè rechèch sou konbyen tan ke li kapab pran'w pou al monte nan mòn, si posib. Ou konn pitit ou pi byen, pote yon ti bagay pou manje ki ka yon motivasyon pou kontinye bouje.